# Фæрнæйдзаг ут, нæ зынаргъ сылгоймæгтæ!

## В НОГУ С МОДОЙ

**_Имя Ларисы Хестановой хорошо известно в кругу модельеров-дизайнеров не только нашей республики, но и за ее пределами._**



*Талантливый педагог дополнительного образования Дома детского творчества неоднократно представляла со своими воспитанниками район на всевозможных творческих фестивалях и конкурсах. Одним из значимых успехов, которых достигла Лариса Хестанова — 20-й Всероссийский конкурс детских театров и студий костюмов, проходивший в прошлом году в Москве, где она вместе с дочерью **Юлианой Дудиевой** завоевала II место за костюм "Сарматы", исполненный из кожи в национальном стиле. Премию лично вручал **Вячеслав Зайцев**.*

*В канун женского дня 8 Марта, во Владикавказе, на 13-м республиканском аналогичном конкурсе "Наука и мода", Лариса Касполатовна вместе со своей новой ученицей **Анной Зембатовой** представили авторскую модель "Современный гербарий", который был связан крючком. Великолепный выход, оригинальность и форма исполнения модели, музыкальное сопровождение, индивидуальность, творческий подход — каждая деталь сыграла важную роль в победе. Анна добилась сразу двух призовых мест: первого в номинации "Дебют" и второго — по всем номинациям конкурса.*

*"За выявление и поддержку одаренных детей в области проектирования костюма" руководителю творческого объединения "Осетинское декоративно-прикладное искусство" ДДТ Ларисе Хестановой была торжественно вручена грамота. А в апреле этого года совместные работы замечательного дуэта вновь будут представлены на очередном всероссийском конкурсе "Золотая Игла", организатором и учредителем которого является всемирно известный модельер-дизайнер В. Зайцев.*

***Ирина ДЗУГКОЕВА.***

## Бузныг дæ фæллойæ!

**Бухгалтеры дæсныйад чи равзары, уымæн йæ архайд вазыгджын у. Кæд йæ къухтæй уæладзгуытæ нæ амайы, уæддæр йæ æрвылбоны архæстджын æмæ бæрнон куыстæй аразгæ у цыфæнды куыстуаты цард дæр, кусджыты æнæзæрдæхсайгæ финансон уавæр. Бирæ алывæрсыг зонынджынæдтæ домы бухгалтерæй рæстæг. Уымæн æмæ цард æппынæдзух йемæ ногдзинæдтæ хæссы, ивддзинæдтæ æййафынц федералон закъонтæ, æмæ уыцы фæзилæнтæм хъуамæ æдзух къæрцхъус уай.**

Æрыдоны промкомбинаты сæйраг бухгалтер **Икъаты Валентинæмæ** цы фæлтæрддзинад бамбырд йæ 56 фæллойадон стажы æмгъуыд, уымæй, æвæццæгæн, ахуырадон фæрæз рауадзæн ис. Æрыгон чызг æнтыстджынæй финансон техникум каст куы фæци, уæд йæ дæсныйады фыццаг къахдзæфтæ акодта республикæйы геологон Управленийы. Уый фæстæ куыста районы газет "Рухс"-ы æмæ адæмон хæдзарады къабазы.




Промкомбинатмæ Валентинæ кусынмæ куы æрбацыд, уæдæй абонмæ рацыд 36 азы. Йæхи базонын кодта сыгъдæгзæрдæ, бæрнон æмæ, йæ размæ æвæрд хæстæм куыдфæндыйы цæстæй чи нæ кæсы, ахæм кусæгæй. Куысты мидæг адæмы æууæнк — æппæтæй сæйрагдæр, ахæм бындурон хъуыдыимæ, кæрæдзи æмбаргæйæ йæ уарзон коллективимæ, атахтысты азтæ. Ацы бонты куы раргом кодта, кæй сфæнд кодта йе 'мкусджытæн "хæрзбон" зæгъын, уæд уыдон æрæнкъард сты. "Цы æфсон кæныс? Цы кусдзынæ хæдзары? Хасты хуызæн уыдзыстæм æнæ дæу,"— ахæм хуызы бæргæ афæлвæрдтой сæ бухгалтеры бауромын, фæлæ сын дзы ницы рауад. Кадджын уавæры куы æрвыстой Икъаты Валентинæйы, уæд куыстуаты хистæр кусæг **Гуытъиаты Аслан** загъта :

— Цæрæнбонты æмуæхск кæимæ фæкусай, уый хъуамæ йæ кусæн бынатæй сидзæрхуызæй ма фæцух уа. Адæймагæн йе 'мкусджытæ бинонты уæнгтау свæййынц æмæ хъуамæ æрвылбон "Ægасцуай" кæмæн дзырдтай, уымæн нæ иумæйагæй фæндараст зæгъын кæй бафæндыд, уымæй ницæмæй рæдийæм. Гъемæ дын, Валентинæ, стыр бузныг дæ дæргъæвтин азты лæггадæй. Лæмбынæг ахаст, уæзданджинадæй уыдтæ кæддæриддæр æхххæст, æмæ дæ фæзминаг миниуджытæ махæй рох нæ уыдзысты.

Арфæйы ныхæстимæ Валентинæ хорзæхджын æрцыд Кады гæххæтæй йæ бирæазон фæллойы тыххæй. Се 'мкусæгæн фæлмæн, зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ нæ бавгъау кодтой **Гæлæуты Неля, Тедеты Хандзарифæ, Зæнджиаты Елизаветæ** æмæ иннæтæ. Се 'ппæтæн дæр Икъаты Валентинæ загъта бузныджы ныхас:

"Уе 'рхъуыдыдзинад мæнæн цы æхсызгон æнкъарæнтæ балæвар кодта, уыдон уæм фæстæмæ фарнимæ æмæ хæрзтимæ здæхæнт! Алкæддæр æнæниз æмæ æнтыстджын ут.

Æрбаввахс сылгоймæгты бæрæгбон æмæ уын Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, цæмæй хæхон хорздзинæдтæй хайджын уат!"

**БЫГЪУЫЛТЫ Мæдинæ.**

## СÆ ЦÆСТЫ РУХС НЫН ÆРТТИВÆД

*Ирон адæмы национ хæрзтæм хæдзардзин цæстæй чи кæсы, уыдоны æмрæнхъ сты хъæдгæройнаг клуб "Æфсин"-ы уæнгтæ.*

*Аив фæлыст актон залы сценæйы стъолыл æрæвæрд уыди æртæ уæливыхы, цæр, дзыкка æмæ ма цы æмбæлы, уыдæттæ. 7-10 къласты ахуырдзаутæн клуб "Æфсин"-ы уæнгтæ **Дзобаты Беллæ, Дауыраты Нуся, Чехойты Ирæ, Ужегаты Зарæ, Цæлыккаты Заретæ, Черджиаты Ритæ, Цæргæсты Зæлинæ, Дзуццаты Любæ, Тботы Зарæ, Гæлæбаты Валя, Гугкаты Беллæ** æмæ иннæтæ лæмбынæг радзырдтой рагзаманты Цæрвкъахæнтæ куыд бæрæг кодтой, æмæ сæ абоны дуджы куыд хъуамæ æрвитæм, уый.*

**ХЪОМЫЛАД**



*Бынæттон Культурæйы хæдзары азæй-азмæ арфæйаг куыст кæнынц, клубы директор **Баситы Эльзæимæ** сæ хъуыды, сæ фæнд иу у. Æнгом æмгъуыстад сын ис хъæуы скъолайы ахуыргæнджытимæ, æхххæст кæнынц сæйрагдæр нысан — æрыгон фæлтæры æмхиц кæнын ирондзинадмæ. Хистæр кæстæрæн фæндаг амонæг у, фæлтæр фæлтæрæн фарн ныууадзы. Уый æмбаргæйæ, нæ ауæрдынц сæ рæстæг æмæ зонындзинæдтыл, стыр æргом здахынц кæстæрты хъомыладмæ.*

*Тынг разæнгардæй бацархайдтой, æрæджы цы зæрдылдарæн мадзал скодтой, уыл дæр. Ацы хатт уаздæхты размæ рахастой ирдæй Цæрвкъахæнтæ бæрæг кæныны фæтк.*

*Мадзалы райдиан æрбацæуæг адæмæн раарфæ кодта Баситы Эльзæ. Уый загъта:*

*— Æгъдау царды айдæн у, фæзæгъынц. Æвдист дзы цæуы адæмы цæсгом, сæ цард, сæ культурæ. Хъæдгæрон рагæй дæр кадджын, намысджын хъæу у. Уыцы фарн хистæртæй цæуы. Гъемæ уын абон уæ размæ хæссæм Урсы къуырийы мидис æмæ фæтк.*

*Кæронбæттæны уазджытæн "Хонгæ кафт" акодтой ахуырдзаутæ **Бураты Аслан** æмæ **Джанайты Дианæ**, фыдрæй цагъта **Рæмонты Эльзæ**. Хъæдгæроны администрацийы сæргълæууæг **Кучиты Фатимæ** куыд бафиппайдта, афтæмæй ахæм мадзæлттæн ис стыр ахадындзинад.*

*— Фидар æгъдæуттæ нæм ис хъомылады хъуыддаджы, кæстæрты хуызæр рæзтыл æмдыхæй, æмзондæй архайæм. Клуб "Æфсин"-ы уæнгтæ хуызæбæсты хæрзæбоны зæрдæйæ тыхсынц, кæстæртимæ бастдзинадыл аудынц. Мах сæ сæрыстыр стæм æмæ нын сæ цæстырухс æрттивæд кæддæриддæр!*

***БЫГЪУЫЛТЫ Мæдинæ.***

**ПРАЗДНИК**

***Какой должна быть невестка? Хранительницей домашнего очага? Умелой и расторопной хозяйкой? Любящей женой? Заботливой матерью и доброй соседкой? По мнению организаторов конкурса "А ну-ка, невестки!", примерные невестки должны обладать всеми этими качествами. И именно таких они искали среди участниц. А выбирать было из кого! Восемь молодых женщин из селения Фиагдон, объединившиеся в команду "Радуга", и столько же из селения Рассвет, создавшие команду "Фарн", оспаривали звание команды-победительницы в праздничном мероприятии, посвященном Международному женскому дню.***

## ЛУЧШИЕ НЕВЕСТКИ — В РАССВЕТЕ И ФИАГДОНЕ!

*…Фиагдонский Дом культуры выглядел необычно нарядно из-за выставок, подготовленных командами. Здесь были самые разные национальные блюда и напитки, красочные поделки из камня, бисера и ниток, оригинально сшитая и связанная детская одежда и головные уборы, картины и макет осетинской башни. Это и был первый конкурс, в котором участницы выступили как хлебосольные хозяйки и прекрасные рукодельницы. А затем последовали другие конкурсы, где участницам было предложено рассказать о своей малой родине — Осетии, составить красивый букет, выступить в роли рекламного агента, показать осетинский танец, сшить модное платье, спеть, изобразить веселую сценку…*



*Примечательно, что зрители одинаково "болели" за обе команды, поддерживая конкурсанток дружными аплодисментами и красочными плакатами. Пока члены жюри подводили итоги конкурсных выступлений, замечательный концерт показал детский танцевальный ансамбль рассветского Дома культуры.*

*— Наши сельские невестки умны, красивы и талантливы, они обладают неисстощимой фантазией и выдумкой, которые продемонстрировали в ходе конкурса, — сказал после подведения итогов выступлений команд председатель жюри, заместитель главы АМС района **Таймураз Бязыров**. — Мы единогласно решили, что победила дружба двух соседствующих сел. Испокон веков Фиагдон и Рассвет живут одними радостями и заботами, в трудную минуту первыми протягивают руку помощи. Поэтому нет победителя, но есть прекрасные невестки в обоих селах. Желаю всем семейного благополучия, любви и счастья!*

*От имени жителей Фиагдона ветеран педагогического труда **Ирбек Кулов** поблагодарил организаторов праздничного мероприятия — директора фиагдонского Дома культуры **Фатиму Гайтову** и методиста **Светлану Плиеву**, директора рассветского Дома культуры **Фатиму Кутарову** и **методиста Гульнару Хубаеву**. А глава АМС Фиагдона **Маирбек Плиев** поздравил всех конкурсанток с первым весенним праздником и преподнес им цветы, а команде из Рассвета — ценный подарок.*

***Татьяна БАЙБАРОДОВА.***